

Jesyon Ka VIH ki pa Medikal Akò Patisipasyon Enfòmè



DESKRIPSYON JESYON KA KI PA MEDIKAL POU VIH

Jesyon Ka ki Pa Medikal pou VIH se yon fòm espesyalize jesyon ka pou moun ki dyagnostike ak enfeksyon VIH. Jesyon Ka ki Pa Medikal gen ladan aktivite ki baze sou objektif pou kreye, jwenn, kowòdone, epi kontwole yon pakèt sèvis sante ak sèvis sosyal ki gen rapò ak VIH. Jesyonè Ka ki Pa Medikal yo ede moun ki enfekte ak VIH, enkli moun ki kalifye pou Medicaid, jwenn aksè ak sèvis medikal, sikolojik, sosyal, oswa lòt sèvis yo bezwen.

Sèvis Jesyon Ka ki Pa Medikal (NMCM) bay konsèy ak asistans pou jwenn aksè ak sèvis medikal, sosyal, kominotè, legal, finansye, ak lòt sèvis ki nesèsè. Sèvis Jesyon Ka ki Pa Medikal yo ka gen ladan tou ede kliyan ki kalifye jwenn aksè ak lòt pwogram piblik ak prive pou yo ka kalifye, tankou Medicaid, Medicare Pati D, Pwogram Asistans Famasi Leta, Pwogram Asistans Pasyon ki soti nan Konpayi Famasi, lòt sèvis sante oswa sèvis sipò leta oswa lokal, oswa plan asirans sante nan Marketplace. Kategori sèvis sa a gen ladan plizyè metòd kominikasyon tankou rankont fas-a-fas, kontak pa telefòn, ak nenpòt lòt fòm kominikasyon ke moun ki resevwa finansman RWHAP Pati yo jije apwopriye. Aktivite kle yo enkli:

- Evalyasyon inisyal sou bezwen sèvis yo
- Devlopman yon plan swen konplè ak endividyalize
- Siveyans kontinyèl kliyan an pou evalye efikasite plan swen an
- Re-evalyasyon plan swen an omwen chak 6 mwa ak ajisteman si sa nesèsè
- Evalyasyon kontinyèl sou bezwen kliyan an ak bezwen lòt manm fanmi enpòtan yo ak sistèm sipò pèsonèl yo

Objektif Sèvis Jesyon Ka ki Pa Medikal se bay konsèy ak asistans pou amelyore aksè ak sèvis ki nesèsè yo, tandiske sèvis Jesyon Ka Medikal yo gen objektif pou amelyore rezilta swen sante yo.

Yo dwe kenbe yon nivo minimòm kontak ant kliyan an ak Jesyonè Ka ki Pa Medikal la pandan pwosesis pou konplete aktivite ki anwo yo, epi an akò ak direktiv pwogram Jesyon Ka ki Pa Medikal pou VIH nan tout eta a.

Kliyan an ak Jesyonè Ka ki Pa Medikal la dwe gen kontak selon bezwen kliyan an ak evalyasyon bezwen sa yo. NMCM lan kapab deside ansanm ak kliyan an konbyen fwa yo pral rankontre selon evalyasyon bezwen an. Tout rankont yo dwe dokimante nan CAREWare ak nòt klè ak plan swen.

Dapre règleman ak pwosedi ki etabli yo, sèvis yo ka fini amikalman si kliyan an pa santi li bezwen asistans ankò. Sèvis yo ka fini tou si pa gen ase kontak ak kliyan an pou jistifye kenbe yon dosye kliyan, oswa si kliyan an reprezante yon menas oswa yon dezòd pou anplwaye jesyon ka yo (oswa si kliyan an, nan nenpòt lòt fason, konsidere kòm pa konfòm selon direktiv ajans lan).

Jesyon Ka VIH ki pa Medikal Akò Patisipasyon Enfòmè



LIBÈTE CHWA

Jesyon Ka ki Pa Medikal pou VIH garanti libète kliyan an pou chwazi sèvis, founisè sèvis, kote yo bay Jesyon Ka ki Pa Medikal, epi (otank posib) Jesyonè Ka ki Pa Medikal. Yo atann kliyan an patisipe nèt nan detèmine sèvis ki pi apwopriye pou chèche epi jwenn. Nan rejyon kote gen plizyè founisè sèvis, yo atann ajans yo kominike youn ak lòt sou kliyan yo pataje.

Kliyan yo pa dwe enskri nan yon ajans sèvis san yo pa konnen.

ELIGIBILITE KLIYAN

Kondisyon pou kliyan ki ap faktire anba pwogram Ryan White yo se:

1. kenbe rezidans legal nan Eta Indiana;
2. prèk estati VIH;
3. konfime nivo revni federal la anba 300% selon gwosè fanmi an. Pou kliyan ki gen revni ki depase limit la, sèvis yo ka toujou bay, men sèvis pou kliyan ki pa kalifye yo ka sèlman faktire nan kontra finansman Eta a nan CAREWare.

Si yon kliyan deplase oswa chanje kote nan Eta a epi sa fè li nan yon nouvo rejyon, kliyan an dwe notifie sit swen aktyèl la ak nouvo sit swen an sou entansyon sa a. De sit swen yo dwe kominike sou bezwen kliyan an epi travay ansanm pou asire tranzisyon kliyan an fèt avèk siksè.

Jesyon Ka VIH ki pa Medikal Akò Patisipasyon Enfòmè



Mwen resevwa yon eksplikasyon sou sèvis Jesyon Ka ki Pa Medikal pou VIH. Mwen revize epi mwen konprann deskripsyon an, epi mwen chwazi patisipe nan pwogram sa a nan Depatman Sante Eta Indiana (IDOH).

Mwen ta renmen travay ak _____ pou resevwa sèvis Jesyon Ka ki Pa Medikal mwen yo.

Pwogram nan te eksplike m epi mwen konprann ke:

1. Pa gen okenn frè pou mwen pou sèvis Jesyon Ka ki Pa Medikal pou VIH.
2. Mwen pral gen yon Jesyonè Ka ki Pa Medikal pou travay avè m, ak fanmi mwen chwazi, oswa reprezantan mwen deziyen.
3. Jesyonè Ka ki Pa Medikal la ak mwen, oswa reprezantan mwen deziyen, pral idantifye bezwen mwen yo epi devlope yon plan swen.
4. Jesyonè Ka ki Pa Medikal la pral ede m jwenn sèvis epi li pral travay ak ajans ki konsène yo pou ede m adrese bezwen medikal, finansye, legal, sikososal, ak lòt bezwen mwen yo.
5. Gen kèk sèvis ki ka pa disponib e ki depase kapasite Jesyonè Ka ki Pa Medikal mwen an pou jwenn yo.

Mwen konprann tou ke:

1. Mwen ka sispann sèvis Jesyon Ka ki Pa Medikal pou VIH nenpòt ki lè, men mwen dwe fè Jesyonè Ka mwen an konnen entansyon sa a.
2. Mwen ka mande transfè nan yon lòt ajans si mwen santi bezwen mwen yo pa satisfè nan ajans mwen an. Si mwen vle chanje ajans, mwen dwe notifye founisè aktyèl la ak nouvo founisè a sou entansyon mwen pou transfere.
3. Sit swen mwen an ak/oswa Jesyonè Ka ki Pa Medikal la ka deside sispann bay sèvis apre yo fin ban mwen avi ase epi ede m jwenn yon lòt founisè Jesyon Ka ki Pa Medikal pou VIH, si gen youn ki disponib.
4. Konfidansyalite mwen ap pwoteje dapre lwa Eta Indiana. Enfòmasyon mwen bay yo ap rete nan dosye ka mwen. Enfòmasyon dosye elektwonik yo estoke nan yon baz done sekirize ki rele CAREWare. Lè mwen siyen akò CAREWare la, mwen bay pèmisyon pou done pèsònèl mwen antre nan sistèm sa a.
5. Dapre lwa Eta a, sit swen an oblije notifye otorite ki apwopriye yo (ak non mwen) si youn nan sitiyasyon sa yo rive:
 - Mwen nan danje klè ak imedya pou fè tèt mwen mal;
 - Mwen an danje pou fè yon lòt moun mal;
 - Gen sispèk abi oswa neglijan sou yon timoun oswa yon lòt moun ki depandan;
 - Mwen angaje nan aktivite seksyèl oswa pataje zegwi ak yon lòt moun epi mwen pa enfòmè moun sa a sou estati VIH pozitif mwen;

Jesyon Ka VIH ki pa Medikal Akò Patisipasyon Enfòmè



- Gen yon lòd tribinal dapre lwa Eta a ki mande pou divilge enfòmasyon yo.
6. Siyati mwen anba a pèmèt kèk enfòmasyon ki enpòtan sou estati VIH mwen ak enfòmasyon pèsònèl mwen pataje sèlman ak moun ki gen yon rezon lejitim pou konnen yo pou yo ka bay mwen swen konplè. Sa gen ladan pèsònèl jesyon pwogram Jesyon Ka ki Pa Medikal pou VIH nan tout eta a ki nan IDOH ak anplwaye ki apwopriye nan ajans ki gen kontra nan rezo pwogram nan. Lage enfòmasyon bay lòt antite ap fèt sèlman avèk konsantman ekri mwen.

Siyati mwen anba a konfime entansyon mwen pou patisipe nan pwogram Jesyon Ka ki Pa Medikal pou VIH Depatman Sante Eta Indiana. Mwen konprann epi mwen dakò ak kondisyon ki mansyone pi wo yo.

X _____

Non Kliyan/Gadyen/POA (an lèt detache)

Dat

X _____

Siyati Kliyan/Gadyen/POA

Dat